



EGZAMEN ZYE AK LINÈT GRATIS – PWOGGRAM LEKÒL

Paran ak moun ki responsab timoun,

Öganizasyon “Florida Heiken Children’s Vision Program” gen yon pwogram kote yo fè egzamen zye epi yo bay linèt si sa nesesè, pou tout elèv lekòl Leta nan Eta Florid si elèv yo kalifye pou yo pran pa nan pwogram nan. Ni wou ni lekòl pitit ou a, nou p ap peye anyen pou pwogram sa a.

Apre nou fin verifye si pitit ou a kapab pran pa nan pwogram nan, n ap voye yon fòm ba wou nan lekòl li, ki gen non, adrès ak nimewo telefòn doktè ki nan pwogram nan pou w kab rele doktè a pou w pran randevou avè li. Doktè a ap resevwa menm fòm nan tou pou 1 kab gen enfòmasyon pitit ou a nan dosye li. Lè gen plis pase 15 elèv nan yon sèl lekòl ki kalifye pou pwogram nan, nou kab voye klinik mobil nou an nan lekòl pitit ou a pou al fè egzamen zye pou timoun sa yo.

Egzamen sa a, se yon egzamen byen detaye pou zye timoun nan, kote l ap tou tcheke nan ki pwen pitit ou a kab wè. Pou doktè a kab fè egzamen sa a, l ap mete yon konngout nan zye timoun nan pou dilate zye yo, sa va pèmèt li wè byen eta zye timoun nan epi ki preskripsyon li dwe ba li pou linèt si timoun nan ta bezwen sa. Pa gen danje nan konngout yo, se ra pou konngout sa a deranje moun. Si yon moun ta santi li pa fin twò alèz ak limyè k ap bat zye li oubyen li wè twoub lè l ap gade yon bagay de pre ant 4 a 6 èdtan apre egzamen an, sa se yon bagay ki nòmal.

Pou pitit ou pran pa nan pwogram GRATIS sa a, tanpri ranpli fòm ki vin ak lèt sa a san manke anyen, siyen fòm nan epi voye l bay enfimyè oubyen konseye lekòl la.

Kounye a Pwogram Heiken nan asepte kèk plan asirans maladi lè l al fè konsiltasyon nan lekòl yo sèlman. Si pitit ou pa kalifye pou pwogram gratis Heiken nan epi ou ta vle sèvi ak asirans maladi li pou peye pou konsiltasyon an ak linèt li, fò w siyen ni fòm pou w bay pèmisyon pou yo fè konsiltasyon an ni lòt pati pou w bay otorizasyon pou yo voye bòdwo bay konpayi asirans lan pou konsiltasyon an. Si w gen nenpòt kesyon konsènan ki plan asirans maladi yo aspete oswa ki tretman asirans la peye pou yo, tanpri rele biwo Heiken nan pou plis ransèyman.

Pa blye: Kòm 85% nan sa pitit ou pèsevwa, sa li konprann, ak sa li sonje depann de jan li kapab wè. Sa enpòtan anpil pou tout timoun kapab wè byen pou yo kab reyisi lekòl ak nan lavi a. Ane pase, apeprè 80% nan timoun yo te fè egzamen zye pou yo te merite pote linèt. Pitit ou kab byen bezwen pote linèt!

Si w ta gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte konseye nan lekòl pitit ou a oubyen rele Biwo prensipal Keiken nan (305) 856-9830 oubyen 1-888-996-9847.



601 Southwest 8th Avenue, Miami, FL 33130
Phone: (305)856-9830 / 1(888)996-9847
Fax: (305)856-9840 / 1(888)980-8474
www.miamilighthouse.org/floridaheikenprogram.asp



2016-2017 PWOGGRAM LEKÒL POU EGZAMEN ZYE AK LINÈT GRATIS

For School Personnel Use Only:	For Heiken Use Only:
County: _____	Scanned <input type="checkbox"/>
Referring school/agency: _____	Account #: _____
Vision Screening Fail Date (Mandatory): _____	Eligibility Status: _____
Signature: _____ Date: _____	Eligibility Date: _____
	Insurance: _____
	Subscriber ID: _____

Si w vle aplike pou sèvis GRATIS sa a, ranpli fòm sa a, siyen li epi voye l ale nan lekòl ptit ou a oubyen al sou sit sa a WWW.FLORIDAHEIKEN.ORG. Si w bezwen plis ransèyman telephone 1-888-996-9847.

WI NON Mwen dakò pou FHCVP sèvi ak foto piti mwen nan aktívite relasyon pubblik yo, mwen pap fè okenn reklamasyon ni kounye a ni pi devan pou foto yo.

Non lekòl la _____ Klas _____ Pwofesè _____ No. Identite elèv la _____

Non elèv la _____ Gason/Fi _____ Dat elèv la fèt _____

Adrès elèv la _____ Apatman _____ Vil _____ Zipkòd _____

Telefòn kay la _____ Telefòn paran an lajounen _____

Non paran an oswa responsab la _____ Adrès imel _____

Gwoup etnik (ansèkle youn): Ameriken nwa Ayisyen Panyòl Endyen Ameriken Blan (ki pa Panyòl) Azyatik Lòt gwoup

Lang li pale (ansèkle youn): Angle Panyòl Kreyòl Pòtigè Lòt lang _____

Èske ptit ou pote linèt kounye a? Wi _____ Non _____ Linèt la kraze _____ Linèt la pèdi _____

Nan ane ki sot pase la a, èske ptit ou te al kay yon doktè zye? Wi _____ Non _____

Tanpri make tout pwoblèm zye ptit ou genyen: _____

Tanpri make tout remèd zye oubyen tout konngout ptit ou ap met nan zye li: _____

Tanpri make tout alèji ptit ou fè: _____

Èske ptit ou gen yon andikap oubyen yon pwoblèm devlopman? Wi _____ Non _____

Èske ptit ou bezwen èd espesyal (tankou yon entèprèt, siy pou l kominike, bagay pou ede l wè, chèz woulant, Bray)? Wi _____ Non _____

Si w reponn wi, make sa l bezwen: _____

Èske ptit ou janm gen bagay pi ba yo:

Èske fanmi ptit ou janm gen bagay pi ba yo:

WI NON

- Operasyon nan zye / Blesi
- Terapi pou zye / Patch sou zye
- Tèt fè mal
- Glokòm
- Dyabèt
- Anemi
- Opresyon



- Zye vewon / lanvè / twèt
- Avèg
- Maladi zye febli
- Glokòm
- Tansyon
- Anemi
- Lòt maladi

Bay esplikasyon pou kote w reponn "WI" pi wo a la a: _____

Pèmisyon pou egzamen zye a – Lè m siyen fòm sa a, sa vle di mwen bay FHCVP otorizasyon pou yo fè yon egzamen zye total pou ptit mwen ki kalifye pou sa, yo mèt dilate zye l tou, swa lekòl la nan klinik mobil la oubyen lakay doktè ki nan pwogram nan.

Règleman pou pwoteksyon enfòmasyon sou vi prive moun – Lè m siyen fòm sa a, mwen okouran Règleman pou pwoteksyon enfòmasyon sou vi prive moun FHCVP, se règleman y ap mete disponib pou mwen, si m ta rele nan telefòn pou m mande yon kopi nan nimewo sa yo: (305)856-9830 / 1(888)996-9847 epi gen kamera ki la k ap veye tout tan epi y ap anrejistre sou aparèy pòtatif yo tout tan.

Echanj Enfòmasyon – Lè m siyen fòm sa a, sa vle di mwen bay FHCVP ak Biwo Lekòl Leta a otorizasyon pou yo bay tout kote ki pran pa nan pwogram sa a rapò medikal egzamen zye ptit mwen an. Mwen bay Biwo Lekòl Leta a otorizasyon pou l bay tout enfòmasyon ki manke oubyen ki pa fin klè pou ranpli fòmalite ki nesesè pou aplikasyon sa a. Mwen konnen FHCVP oubyen kote ki finanse FHCVP yo kab kontakte m pou m bay opinion m sou sèvis mwen resevwa nan FHCVP san m pa bay non mwen. Mwen gen dwa refize bay opinyon m tou si yo kontakte m.

*Mwen/Nou wete tout chay sou do Komisyon Lekòl Leta a pou responsabilite oswa pwochè pou domaj oubyen dedomajman poutèt timoun nan te pran pa nan Pwogram egzamen zye pou timoun FHCVP nan an ka yon malè ta rive pandan ptit mwen ap pran pa nan pwogram sa a.

Siyati responsab legal la (pèmisyon pou Heiken) _____ **Dat:** _____

Otorizasyon pou sèvi ak asirans ou—Si ptit mwen gen asirans Heiken asepte epi gen possiblite pou timoun nan resevwa tretman nan yon klinik mobil (sèlman), Mwen bay FHCVP dwa pou l voye bil bay konpayi asirans ptit mwen pou sèvis sa yo; egzamen zye kote yo dilate je timoun nan, epi pou linèt, si yo preskri l linèt (ankadreman linèt ki nan plan an, linèt loup plastik ki klè, san yo pa ajoute anyen ankò ladan). Mwen konnen sa pral mande pou yo sèvi ak avantaj konpayi asirans lan dwe bay ptit mwen lè l al pran tretman pou je li.

SIYEN LA A (Otorizasyon pou sèvi ak asirans ou) _____ **Dat:** _____
Ôganizasyon "Florida Heiken Children's Vision Program" nan san patipri li pa diskrimine kont okenn moun ki kalifye swa poutèt ras yo, koulè yo, reliyion yo, kote yo soti, laj yo, si yo se fi oswa gason, si yo marye oswa yo pa marye, peyi kote yo soti, andikap yo genyen oubyen si yo se veteran lame.

7.25.2016

School/Agency: Please fax completed form with Heiken Fax Cover Sheet to (305)856-9840 / 1(888)980-8474